



Pou Piblikasyon Imedya: 12/05/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ENTWODUI LWA SOU CHWA PARAN NAN EDIKASYON

**Gouvènè kontre avèk Kadinal Timothy Dolan, Paran, Elèv ak Otorite Eli Lokal yo pou mande Lejislati a pou Kanpe pou Chwa nan Edikasyon**

**Ane pase, Apeprè 44,000 elèv te ale nan 186 lekòl ki pa piblik nan Long Island**

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te entwodui Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon, sa ki pral sipòte epi pwoteje opsyon lekòl altènativ pou paran ak elèv yo toupatou nan Eta New York. Lwa a bay \$150 milyon nan kredi taks edikasyon chak ane ki pral bay:

1. Kredi taks a fanmi ki gen revni fèb yo ki voye pitit yo nan lekòl ki pa piblik,
2. Bousdetid a elèv ki gen reveni mwayèn ak fèb pou yo ale swa nan lekòl piblik andeyò distri yo oswa nan yon lekòl ki pa piblik,
3. Rekonpans pou lekòl piblik yo pou amelyore pwogram edikasyon (tankou pwogram apre lekòl); ak,
4. Kredi taks pou pwofesè lekòl piblik yo pou acha ekipman.

Gouvènè a te rejwenn nan yon aktivite jodia nan Hempstead pa Kadinal Timothy Dolan, Rabbi Dovid Kupchik, Egzekitif Konte Ed Mangano, ak plizyè paran, elèv ak lòt otorite ki eli yo pou mande lejislati a pou pase Lwa a pandan sesyon sa.

“Edikasyon se pi gwo kado ke yon paran ka bay pitit yo – e li se egalman youn nan desizyon ki pi pèsònèl ke yon paran ka fè. Se poutèt sa nou bezwen chwa paran nan edikasyon,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou rekonpanse donasyon ki sipòte lekòl piblik yo, bay kredi taks pou pwofesè yo lè yo achte ekipman salklas yo nan pòch yo, epi fasilité chaj finansye sou fanmi yo ki voye pitit yo nan lekòl piblik andeyò distri, endepandan, pawasyal, nou ka fè yon diferans fondamantal nan lavi elèv, fanmi ak edikatè yo toupatou nan eta. Lejislati a dwe pase lwa sa ane sa, paske fanmi yo merite yon chwa lè li kesyon de edikasyon pitit yo.”

Kadinal Timothy Dolan te deklare, “Sa a se pa sèlman yon pwoblèm katolik – li se yon pwoblèm pou chak lekòl pawasyal, prive oswa non-piblik ki angaje pou siksè elèv yo. Elèv nou yo se pi gwo trezo nou e Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon se osijè pou sipòte yo kèlkeswa kote yo ale lekòl. Nou bezwen pou lejislati a kanpe avèk nou sou pwoblèm sa, menm jan tankou Gouvènè Cuomo fè a, nan fason pou asire li vini lwa e nou ka sipòte tout lekòl yo ane sa a.”

Rabbi Dovid Kupchick, Direktè Etid Jidayik nan Akademi Hebrew of Five Towns ak Rockaway, te dekalre, "Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Cuomo an sipò total a Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon. Pwopozisyon sa a ta vle di yon sipò ki reyèlman nesesè pou lekòl pawasyal yo nan New York – lekòl yo ki bay opòtinite edikasyon anrichisan inik a jèn elèv yo toupatou nan eta nou an. Gouvènè a gen rezon pou l kanpe pou paran ak elèv yo sou kesyon sa a, e map mande lejislati eta pou rejwenn nou pou fè l pase an lwa ane sa a."

Egzekitif Konte Nassau Edward P. Mangano te deklare, "Chak timoun merite yon bon jan kalite edikasyon. Toupatou nan Konte Nassau jodia gen yon lekòl pawasyal, chatè ak non publik ki ouvè pòt li pou timoun nou yo, avèk edikatè yo ki prale odela pou elèv yo. Lwa Gouvènè a sou Chwa Paran nan Edikasyon pral bay egalite ki pi nesesè ak soulajman pou plizyè milye fanmi ki voye pitit yo nan lekòl sa yo. Mwen ankouraje Sena eta ansanm avèk Asanble a pou pase lwa sa anvan fen sesyon lejislativ la."

400,000 elèv, oswa apeprè 15 poustan nan tout elèv nan Eta New York ale nan lekòl ki pa publik, bay yon altènatif edikasyon enpòtan nan pratikman chak kwen nan Eta New York – ak espesyalman nan kominate yo kote lekòl publik ki egziste deja yo pa gen siksè. Gen aktyèlman 178 lekòl publik ki pa gen bon pèfòmans nan Eta New York – anpil ladan yo pat gen pèfòmans pou plis pase dizan oswa plis.

Malgre enpòtans yo kòm opsyon altènatif pou paran ak elèv nan distri ki pa gen pèfòmans yo, anpil lekòl pawasyal nan Eta New York ap eksperimente difikilte finansye, e paran yo ka fè fas a depans elve pou enskri pitit yo nan kalite lekòl sa yo. Nan tout eta, plis pase 75 lekòl pawasyal te fèmen nan senkan ki sot pase yo, e mwayèn frè eskolè a osi elve ke \$8,500 pa elèv chak ane.

Toutfwa Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon an pral sipòt altènatif enpòtan pou paran yo toupatou nan eta – espesyalman pou fanmi ki gen revni fèb yo kap viv nan distri ki sipeple oswa ki pa gen bon pèfòmans.

### **Kredi Edikasyon Chwa Fanmi**

Pati \$70 milyon nan Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon pral bay fanmi elèv lekòl ki pa publik yo kredi. Fanmi yo ki gen revni anba \$60,000 pa ane ta kalifye pou jiska \$500 pa elèv pou depans eskolè pou lekòl ki pa publik yo ak lekòl publik yo ki andeyò distri a. Sa a pral benefisyé apeprè 140,000 timoun ak apeprè 82,000 fanmi toupatou nan eta.

### **Boustedi Edikasyon ak Pwogram Kredi Taks**

Pati sa a nan Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon gen ladan de konpozan. Premye a bay \$50 milyon an kredi pou sipò bousdeteid pou elèv ki gen revni fèb yo ansanm avèk lòt elèv ki nan klas P-12 ki enskri nan lekòl ki pa publik yo. Dezyèm pati a bay \$20 milyon an kredi pou finanse pwogram edikasyon nan lekòl publik yo epi sipòt òganizasyon a bi non likratif yo.

### \$67 Milyon an Bousdetid pou Elèv ki gen Revni Fèb yo ki ale nan Lekòl Prive nan Klas P-12:

Kredi taks sa totalize \$50 milyon pral elaji aksè a lekòl ki paiblik yo pou fanmi yo ki ka pa ka peye ekolaj lè yo finanse \$67 milyon nan bousdetid pou ede elèv ki gen revni fèb ansanm avèk lòt elèv yo ki ale nan lekòl prive oswa nan lekòl piblik ki andeyò distri yo. Moun avèk biznis ka resevwa yon kredi taks jiska 75 poustan nan donasyon yo pou òganizasyon a bi non likratif yo ki atrible bousdetid a elèv yo ki nan klas P-12. Óganizasyon sa yo pral atrible bousdetid a lekòl prive ak sa ki lekòl piblik andeyò distri baze sou bezwen finansye fanmi elèv yo.

\$27 Milyon pou Pwogram Lekòl Piblik: Anba pati sa nan bousdetid edikasyon ak pwogram kredi taks, elèv lekòl piblik ansanm avèk edikatè yo pral benefisyé de \$27 milyon nan nouvo finansman pou pwogram amelyorasyon edikasyon. Moun avèk biznis pral anmezi pou resevwa yon total \$20 milyon nan kredi taks pou jiska 75 poustan nan donasyon yo fè nan lekòl piblik yo ansanm avèk òganizasyon a bi non likratif yo ki sipòte pwogram edikasyon lekòl piblik, enkli pre-matènèl ak pwogram jounen pwolonje.

### Kredi pou Materyèl Enstriksyon ak Ekipman

Konpozan \$10 milyon nan Lwa sou Chwa Paran nan Edikasyon bay yon kredi taks jiska \$200 pou chak edikatè lekòl piblik pou sipòte acha materyèl enstriksyon ak ekipman pou itilize nan salklas pwofesè yo. Kredi sa a pral benefisyé edikatè ak elèv yo toupatou nan eta, e li pral jere sou yon baz premye vini, premye sèvi.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwè [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418